Pou Piblikasyon Imedya: 19/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL AK MAJISTRA MAMDANI BAY PRÈSKE 100,000 ÒF POU PWOGRAM 3-K, PRE-K YO; DIMINYE DISTANS MWAYÈN FANMI 3-K YO BEZWEN VWAYAJE NAN YON DISTANS SIS BLÒK

Gouvènè Hochul ak Majistra Mamdani ap adrese pwoblèm aksè 3-K ki dire lontan epi diminye distans mwayèn vwayaj pou fanmi yo

Gras ak envestisman san parèy Eta a, plis fanmi konekte ak 3-K nan kominote yo

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Zohran Kwame Mamdani te anonse jodi a Vil Nouyòk te elaji 99,921 òf pou 3-K (pwogram pou timoun 3 an) ak Pre-K (Pre-kindègadenn) pou ane lekòl k ap vini an, kote plis fanmi resevwa òf pou youn nan pwogram yo te chwazi kòm prefere yo epi distans mwayèn pou vwayaje a diminye atravè vil la. Sa gen ladan 2,000 plas anplis pou 3-K pou fanmi nan Vil Nouyòk ka jwenn gadri pi pre lakay yo, gras ak envestisman dirèk leta nan 3-K.

An janvye, Gouvènè Hochul ak Majistra Mamdani te anonse yon envestisman san parèy ki mete Nouyòk sou chemen pou gen gadri inivèsèl ak gratis pou chak fanmi nan tout vil la, sa gen ladan finansman pou de premye ane 2-K (pwogram pou timoun 2 an) yo, ranfòsman Pre-K ak yon gwo efò pou elaji aksè ak 3-K. Efò sa yo deja fè plis fanmi resevwa òf pou pwogram 3-K yo te prefere a, epi mwens fanmi rete sou lis datant, yon rezilta dirèk patenarya sa a.

"Chak timoun merite yon bon kòmansman, epi chak paran merite konnen pitit yo gen yon kote ki an sekirite ak bon kalite pou aprann epi devlope," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anons jodi a asire plis fanmi kapab jwenn aksè a opòtinite pwogram pou timoun 3 an yo vle a, epi li bay pwogram pou 3-K ak Pre-K inivèsèl pou prèske 100,000 timoun atravè vil Nouyòk, sa ki bay plis paran aksè a gadri abòdab nan pwòp kominote yo epi prepare pwochen jenerasyon an pou siksè. Mwen fyè pou m fè patenarya avèk Majistra Mamdani pou pote sèvis pou Nouyòkè yo nan senk awondisman yo."

Majistra Vil Nouyòk, Zohran Mamdani, te deklare, "Anons jodi a make yon nouvo epòk pou gadri nan Vil Nouyòk — yon epòk kote fanmi yo ka fè konfyans gouvènman an pral la pou yo. Atravè senk awondisman yo, fanmi yo ap vwayaje distans ki pi kout, plis timoun ap resevwa òf pou pwogram yo te chwazi kòm prefere yo, epi mwens paran ap oblije chwazi ant gadri prive ki twò chè ak kite vil yo renmen an. Men sa ekselans gouvènman an sanble."

Nan Bidjè Eta a pou ane fiskal 2027 la, Gouvènè Hochul ap mete Eta Nouyòk sou yon chemen konkrè pou gadri inivèsèl abòdab, li ogmante envestisman an jiska 1.7 milya dola, sa ki fè envestisman total nan gadri ak pre-kindègadenn lan rive nan 4.5 milya dola.

Bidjè ane sa a pral fè envestisman ki pral sipòte sèvis gadri abòdab pou jiska 100,000 timoun anplis. Envestisman istorik Gouvènè a pral ogmante finansman an jiska 1.7 milya dola, sa ki ap pote total envestisman pou ane fiskal 2027 la rive 4.5 milya dola pou sèvis gadri ak pre-kindègadenn nan tout eta a.

Envestisman sa yo pral:

- Fè Pre-K vin vrèman inivèsèl nan tout eta a epi avèk finansman pou meete disponib plas Pre-K bon kalite pou tout timoun ki gen kat ane nan Eta a anvan kòmansman ane lekòl 2028-29 la epi ogmante sibvansyon Eta a pou pwogram ki deja egziste yo pou asire swen ki gen bon kalite.
- Kolabore ak Vil Nouyòk pou lanse nouvo pwogram 2-Care la epi finalman reyalize pwomès aksè inivèsèl 3K nan Vil Nouyòk.
- Amelyore kredi taks pou timoun ak moun ki depandan yo pou ede diminye depans gadri pou 230,000 fanmi nan Nouyòk atravè yon ogmantasyon benefis la ki rive 576 dola an mwayèn.
- Sipòte devlopman pwogram 'First 3' (3 premye ane) Nouyòk la, ki pral fè patenarya avèk konte yo pou ofri gadri bon kalite ak abòdab pou timoun 0-3 an kèlkeswa revni yo.
- Fè envestisman istorik nan Pwogram Asistans pou Gadri (Child Care Assistance Program), pou bay gadri ki gen bon kalite e ki abòdab pou plizyè dizèn milye jèn Nouyòkè anplis, avèk yon pri ki limite a 15 dola chak semèn pou pifò fanmi yo.
- Sipòte mendèv gadri a atravè preparasyon edikatè pou timoun piti.

An menm tan ak angajman sa yo, Gouvènè a pral lanse yon Biwo Gadri ak Edikasyon pou Timoun Piti (Office of Child Care and Early Education) pou gide aplikasyon gadri inivèsèl ak bon kalite pou fanmi nan Nouyòk yo, epi li pral travay tou pou ogmante konsyantizasyon sou Kredi Timoun Empire State la pou asire pi plis fanmi posib benefisye ekspansyon istorik Gouvènè a nan kredi taks pou timoun nan Nouyòk, ki ogmante kredi a soti 330 dola pou chak timoun rive 1,000 dola pou chak timoun ki gen mwens pase katran, epi 500 dola pou chak timoun ki gen ant kat a 16 an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU